

ENSTRIKSYON POU RANPLI RB-89.2

POU MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN: Yon *Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an (Fòmilè RB-89.2)*, oswa "demann lan," dwe depoze nan espas 30 jou kalandriye apre avi sou depo Memorandòm Desizyon Panèl Komisyon an devan Sekretè Komisyon an. Yo konsidere depo *Fòmilè RB-89.2* a fèt devan Komisyon an lè Komisyon an resevwa l ofisyèlman. Dapre atik 300.13(b)(3) nan Tit 12 NYCRR yo ak deziyasyon Prezidan an, yo ka depoze *Fòmilè RB-89.2* sèlman nan adrès imèl reklamasyon santralize a (wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov), oswa atravè lyen telechajman ki sou sit entènèt WCB a (<https://wcbdoc.services.conduent.com/>). Aplikan (moun ki fè reklamasyon an) ki pa reprezante yo ka voye *Fòmilè RB-89.2* a atravè lapòs bay Komisyon an tou nan adrès postal santralize Komisyon an (PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205). *Fòmilè RB-89.2* ki gen rapò ak reklamasyon pou diskriminasyon pou konpansasyon travayè yo dwe depoze devan Komisyon an lè moun nan voye aplikasyon an atravè lapòs bay Inite Diskriminasyon Komisyon an, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. *Fòmilè RB-89.2* ki gen rapò ak reklamasyon pou benefis andikap (reklamasyon pou konpansasyon pou salè ki pèdi akòz aksidan oswa maladi ki pa gen rapò ak travay) dwe depoze devan Komisyon an lè moun nan voye aplikasyon an atravè lapòs bay Biwo Benefis Enfimite a, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Yon kopi kontestasyon sa a dwe ale jwenn tout pati ki gen enterè ki nesèsè yo dapre Seksyon 300.13(b)(2) (iv) nan Tit 12 NYCRR yo. *Fòmilè RB-89.2* a, sof si yon aplikan ki pa reprezante soumèt li, dwe prezante nan fòm Prezidan an preskri a epi tout seksyon aplikasyon an dwe ranpli. Si moun nan pa bay tout enfòmasyon ki nan Seksyon 300.13 nan Tit 12 NYCRR yo ak enstriksyon sa yo, sa ka lakòz yo rejte demann lan (aplikasyon an).

REMAK: Yo p ap aksepte *Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an* si moun nan delivre li ak men nan yon biwo Komisyon an. Yo pral konsidere *fòmilè RB-89.2* yo voye atravè lapòs oswa soumèt dirèkteman nan Biwo Avoka Jeneral la tankou yo pa te depoze li devan Komisyon an epi yo p ap konsidere yo.

POU TOUT LÒT PATI YO: Yo dwe voye nenpòt *Kontestasyon Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an (Fòm RB-89.3)* bay Komisyon an nan espas 30 jou kalandriye apre dat pati yo te resevwa notifikasyon demann lan, jan sa espesifye nan seksyon Prèv Sèvis nan *Fòmilè RB-89.2* a dapre Seksyon 300.13(c) nan Tit 12 NYCRR yo.

1. Nimewo Dosye WCB a(yo). Antre Nimewo Dosye Komisyon Konpansasyon Travayè (WCB)(yo) pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Nimewo Dosye WCB (yo) enkli nimewo dosye pou konpansasyon travayè, diskriminasyon, benefis andikap, diskriminasyon nan konje fanmi peye, alokasyon pou ponpye volontè ak chofè anbilans volontè.

2. Nimewo Dosye Asirè a (yo). Antre Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan(yo) pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon.

3. Kòd Konpayi Asirans lan. Antre non Kòd Konpayi Asirans lan pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou plent pou diskriminasyon.

4. Non Konpayi Asirans lan. Antre non konpayi asirans lan pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou plent pou diskriminasyon.

5. Dat Aksidan an/Konje a. Antre dat orijinal aksidan an te fèt oswa dat konje fanmi peye a te kòmanse (si konje fanmi peye pa te aktive, antre dat reklamasyon pou diskriminasyon an).

6. Non Moun ki fè Reklamasyon an. Antre non konplè anplwaye a.

7. Adrès Moun ki fè Reklamasyon an. Antre adrès lari, vil, eta ak Kòd Postal anplwaye a, ansanm ak adrès postal la si li diferan.

8. Pati ki Mande Apèl la. Endike ki pati ki mande apèl la/depoze Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an.

9. Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an. Endike si demann lan 1) obligatwa oubyen 2) diskresyonèl.

10. Dat depo Memorandòm Desizyon Panèl Komisyon an. Endike dat desizyon ki konsène nan apèl la.

11. Aksyon Korektif ki Vize a. Endike ki kalite aksyon korektif ki vize.

12. Estati Aktyèl Ka a. Endike estati avansman ka a.

13. Espesifye Pwen yo Dwe Revize yo. Endike pwèn espesifik yo dwe revize yo.

14. Motif Apèl la. Bay yon deklarasyon tou kout sou motif patikilye apèl la baze, sa ki enkli konklizyon espesifik nan reyalite ki konteste ak/oswa erè dwa prezime. Akizasyon jeneral ki pa espesyalman atire atansyon Komisyon an sou pwoblèm yo dwe deside yo ensifizan. Ou ka enkli lòt paj, jiska yon maksimòm uit (8) paj.

15. Dat Odyans lan, Transkripsyon, Dokiman, Pyès, ak Lòt Prèv. Fè referans ak dosye a, oswa yon pati ladan l ki gen rapò ak pwoblèm ak motif yo souleve yo nan demann sa a. Endike dat odyans lan (yo) kote pwoblèm nan te souleve devan Jij Lwa Konpansasyon Travayè a (WCLJ), ansanm ak nenpòt lòt dat odyans ki enpòtan. Idantifye ak dat ak/oswa nimewo ID dokiman an (yo), transkripsyon, dokiman, rapò, pyès, ak lòt prèv ki nan dosye Komisyon an ki gen rapò ak pwoblèm ak rezon ki te souleve pou revizyon. Si yo pa transkri minit yo, endike sa. Pa enkli nan aplikasyon sa a dokiman ki nan dosye Komisyon an nan moman w ap ranpli aplikasyon an.

16. Apèl Devan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm nan, Twazyèm Depatman. Endike si yo pral/te fè apèl kont Memorandòm Desizyon an devan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm nan, Twazyèm Depatman.

17. Sètifikasyon. Preparatè a dwe siyen ak mete dat nan fòmilè a (ki endike tou non li, tit, nimewo telefòn li ak adrès li) epi sètifye demann lan fonde devan lalwa ak nan reyalite a, li te depoze ak motif rezonab epi yo te notifye li bay pati konsène yo nan seksyon Prèv Notifikasyon.

18. Prèv Notifikasyon. Tout pati ak enterè ki nesesè yo dwe resevwa notifikasyon demann lan an dapre Seksyon 300.13(b) (2) nan Tit 12 NYCRR. Si yon pati ak enterè ki nesesè pa resevwa notifikasyon an kòrèkteman, yo konsidere sa kòm yon notifikasyon ki enkonplè epi Komisyon an ka rejte demann lan. Lè se konpayi asirans lan, anplwayè ki gen pwòp asirans li oswa lòt moun k ap peye oswa potansyèl moun k ap peye ki depoze *Demann pou Revizyon Komisyon an*, moun ki annapre yo dwe resevwa notifikasyon an kòm sadwa: moun ki fè reklamasyon an, reprezantan legal li ak lòt pati ak enterè ki nesesè. Yo konsidere sèvis la alè si moun k ap fè apèl la fè l nan trant (30) jou apre depo desizyon Komisyon an. Afimasyon an dwe ranpli epi li dwe gen ladan metòd ak dat depo demann lan devan Komisyon an. Moun k ap fè apèl la ka sèvi ak yon sèl metòd sèlman pou depoze demann li a devan Komisyon an. Si moun k ap fè apèl la depoze kopi demann lan an doub, yo ka konsidere depo kopi adisyonèl yo souleve oswa ap pousuiv yon kesyon san motif rezonab epi yo ka soumèt yo ak yon evalyasyon dapre Seksyon 114-a(3) nan Lwa Konpansasyon Travayè a (WCL). Afimasyon ki ranpli a dwe presize dokiman yo te notifye yo, non pati ak enterè yo te notifye yo, dat ak metòd notifikasyon pou chak pati ak enterè yo, epi notifikasyon sa a te fèt nan espas 30 jou apre depo desizyon ki konsène nan apèl la. Li pa akseptab pou w ranpli pati nan afimasyon an kote li bay lis pati yo notifye yo ak metòd notifikasyon an ak "Gade anèks yo". Si yon pati resevwa notifikasyon atravè imèl oswa lòt mwayen elektwonik, afimasyon an dwe gen ladan yon sètifikasyon ki konfime pati sila te bay otorizasyon klè pou resevwa notifikasyon an ak mwayen sa yo [gade Seksyon 300.13(b) (2)(iv)(C) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo]. Tout pati yo pa oblije resevwa notifikasyon an menm jan. Afimasyon an dwe gen dat epi siyen anba penalite pou fo temwayaj.



DEMANN POU REKONSIDERASYON/ REVIZYON KOMISYON AN

1. Nimewo Dosye WCB a(yo)	2. Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan	3. Kòd Konpayi Asirans lan	4. Non Konpayi Asirans lan	5. Dat Aksidan an/Konje a
6. Non Moun ki fè Reklamasyon an			7. Adrès Moun ki fè Reklamasyon an	
8. Demann sa a sa a fèt nan non:				
9. Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an dapre Seksyon 32 ak 142(2) nan WCL la: ☐ Obligatwa (te gen yon dezakò ki te baze sèlman sou ale devan yon espesyalis san patipri) ☐ Diskresyonè				
10. Dat depo Memorandòm Desizyon Komisyon an (mm/jj/aaaa):				
11. Mezi korektif ki vize a se: ☐ Koreksyon Administratif Memorandòm Desizyon an ☐ Revokasyon Memorandòm Desizyon an ☐ Modifikasyon Memorandòm Desizyon an ☐ Anilasyon Memorandòm Desizyon an				
12. Ka a kounye a (koche youn): ☐ Rejte ☐ Etabli				
13. Endike pwèn espesifik yo dwe revize yo:				
14. Motif apèl la. Demann pou revizyon sa a baze sou motif sa yo (Enkli lòt paj si sa nesèsè), jiska yon maksimòm 8 paj):				
15. Dat odyans lan, transkripsyon, dokiman, pyès ak lòt prèv (gade enstriksyon yo pou plis detay):				
16. Èske yo te oswa èske yo pral depoze yon apèl kont Memorandòm Desizyon an nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm, Twazyèm Depatman? ☐ Wi ☐ Non				

17. Sètifikasyon: Lè mwen siyen dokiman sa a nan espas yo bay anba a, mwen sètifye demann sa a fonde devan lalwa ak nan reyalite a, li te fèt ak motif rezonab e tout pati ak enterè ki nesèsè yo te resevwa notifikasyon avèk metòd notifikasyon an, ki gen ladan adrès aktyèl kote yo te transmèt notifikasyon an ki endike nan afimasyon ki anba a. Mwen konprann Lwa Konpansasyon Travayè a prevwa gwo penalite pou entwodiksyon oswa pousuit yon pwosedi san motif rezonab ak/oswa nan bi pou lakòz reta. Mwen konprann si mwen retire demann sa a pou nenpòt rezon oswa si pati yo rezoud nenpòt nan kesyon ki souleve yo, mwen dwe notifye Komisyon an ak pati ak enterè ki nesèsè yo alekri imedyatman.

Siyati Preparatè a: _____ Dat preparasyon (mm/jj/aaaa): _____
Non an Lèt Majiskil: _____ Tit: _____ No Telefòn: _____
Adrès: _____

PRÈV NOTIFIKASYON

AFIMASYON

Mwen deklare, anba sanksyon pou fo temwayaj, mwen respekte kondisyon pou depozisyon ak siyifikasyon ki tabli nan Seksyon 300.13(b)(2)(iv) ak (3) nan Tit 12 NYCRR yo pou *Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Komisyon* an nan fason ki dekri pi ba a epi mwen konprann dokiman sa a ka depoze nan yon aksyon oswa pwosedi nan yon tribinal.

A. Mwen te depoze *Demann pou Revizyon Komisyon* an devan Komisyon an (dat - mm/jj/aaaa) _____ atravè (chwazi yon metòd):
☐ Lapòs nan PO Box 5205, Binghamton, NY 13902 (pou aplikan ki reprezante tèt yo sèlman)
☐ Imèl nan wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov
☐ Lyen telechajman WCB a (<https://wcbdoc.services.conduent.com>)
☐ **Reklamasyon pou Diskriminasyon nan kad Konpansasyon Travayè:** Kourye nan Inite Diskriminasyon, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029
☐ **Benefis pou Andikap:** Pa Lapòs nan Biwo Benefis pou Andikap, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029
B. Mwen te notifye *Demann pou Revizyon Komisyon* an (dat -mm/jj/aaaa) _____ (ajoute lòt paj si sa nesèsè):

Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____
Non:	_____	atravè (metòd):	_____	nan (adrès):	_____

Mwen sètifye nenpòt pati ki te resevwa notifikasyon atravè imèl oswa lòt mwayen elektwonik te bay pèmisyon klè pou li resevwa notifikasyon nan fason sa yo.
Mwen sètifye notifikasyon *Demann sa a pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Komisyon an, jan sa endike pi wo a, te fèt nan trant jou apre depo desizyon an ki se sijè demann sa a.*

Dat (mm/jj/aaaa): _____ Siyati: _____
Non an Lèt Majiskil: _____